ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№196 (22.854) • 2014 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 27 , щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий Хаджимбэ Рауль ехъуэхъуащ Абхъазым и Президенту зэрыхахамкIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий хэтащ Абхъазым и Президентыр и къулыкъум зэрыпэрыхьэм егъэщIылIа гуфIэгъуэ Iуэхухэу Сыхъум къалэм щекIуэкIам.**

ЦIЫХУБЭМРЭ къэралымрэ яхуэпэжыну тхьэрыIуэ ирагъэта иужь, Хаджимбэ Рауль IэщIалъхьащ властым и лъэпкъ дамыгъэхэр - сэшхуэрэ абхъаз башрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Абхъазымрэ ныбжьышхуэ зиIэ зэпыщIэныгъэ быдэхэр зэхуаIэщ. Абхъаз лъэпкъым и дежкIэ хьэлъэу щыта лъэхъэнэм республикэм и цIыхухэр абы сыт и лъэныкъуэкIи дэIэпыкъуащ. ИкIи екIуэкIа Iуэхухэм я фэеплъу Налшык къалэм и утхэм ящыщ зым Абхъазым и цIэр фIащащ.

ЩызэIущIам Хаджимбэ Раулрэ КIуэкIуэ Юрийрэ жаIащ лъэныкъуитI зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным, дяпэкIи зэдэIэпыкъуным, зэдэлэжьэным зэрателъхьэр.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

● ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэ

## СТЕПАШИН Сергей: «ЦIыхухэр кхъахэ хъуа унэхэм къыщIагъэкIыным теухуа Iуэхухэм щехъулIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и закъуэщ»

КАВКАЗ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щIыналъэхэр хуабжьу къакIэроху цIыхухэр кхъахэ хъуа унэхэм къыщIагъэIэпхъукIыным теухуа программэр гъэзэщIэн и лъэныкъуэкIэ», - жиIащ ЖКХ-м и реформэр егъэкIуэкIыным щIэгъэкъуэн хуэхъунымкIэ фондым и кIэлъыплъакIуэ советым и унафэщI Степашин Сергей, УФ-м и Президентым и Указыр гъэзэщIэным ехьэлIа Iуэхухэм теухуауэ Владикавказ щызэхэта зэIущIэм къыщыщыпсэлъам.

«ФокIадэм и 1-м ирихьэлIэу зэрыщытамкIэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым илъэсым зэрыщIидзэрэ цIыхухэр здагъэIэпхъуа псэупIэхэр зэрыхъуар метр зэбгъузэнатIэ мини 10-щ. Ар зэфIагъэкIын хуей лэжьыгъэм и процент 58-рэ къудейщ. Псори зэхэту зы илъэсым хуэгъэзауэ - проценти 9-щ. Илъэсир иухыным къэнэжар мазищщ. Абы къикIрэ зрачын хуейуэ? Апхуэдэу хъумэ, фIагъ щыIэнукъым», - къыхигъэщхьэхукIащ Степашин Сергей.

Степашиным и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, цIыхухэр унэ кхъахэхэм къыщIагъэкIыу ягъэIэпхъуэным теухуа программэр Урысейм проценти 138-кIэ щагъэзэщIащ. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щIыналъэхэм ящыщу абы и лъэныкъуэкIэ яубзыхуа псори щызэфIагъэкIар Къэбэрдей-Балъкъэрым и закъуэщ.

***Интерфакс-Урысей.***

■ Ислъамым и нур ■ Махуэгъэпс
КЪЭБЭРДЕЙ
■ Спорт ■ Малъхъэдис

● КъБР-м и Парламентым

# Комитетхэр къызэрагъэпэщ

**ФокIадэм и 25-м КъБР-м и Парламентым и зэIущIэ иригъэкIуэкIащ абы и УнафэщI Егоровэ Татьянэ. Республикэм и хабзэгъэув IэнатIэм и зи чэзу хэхыгъуэм и япэ зэIущIэм вице-спикеру щыхахауэ щытащ Бозий Натбий. Иджырей зэхуэсым Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэу щыхахащ Жанатаев Сэлим. Депутатхэр зэчэнджэщри, Парламентым комитет 12 щаубзыхуащ, абыхэм я унафэщIхэр, къуэдзэхэр хахащ.**

ЗЭIУЩIЭМ Пащты Борис къыщыхилъхьащ КъБР-м и Парламентым и япэ вице-спикер къулыкъур законым хэгъэкIын, къуэдзитIым къыщызэтеувыIэн зэрыхуейм теухуа жэрдэм. Ар депутатхэм даIыгъащ.

Парламентым и УнафэщIыр къулыкъум пэрыувахэм ехъуэхъуащ пщIэрэ щIыхьрэ яIэу я IэнатIэм пэрытыну.

ЗэIущIэм и кIэухым Егоровэ Татьянэ жиIащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советымрэ Къэрал Думэмрэ къабгъэдэкIыу КъБР-м и Парламентым и 5-нэ хэхыгъуэм хуэгъэза хъуэхъухэр къазэрыIэрыхьэр. Абы къыхигъэщащ КъБР-м и Iэтащхьэр щыхахыну махуэу жэпуэгъуэм и 9-р зэраубзыхуар.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



Егоровэ Татьянэ къопсалъэ.



ЗэIущIэр йокIуэкI.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэр хэхыным и IуэхукIэ**

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 11-нэ статьям ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэу Жанатаев Сэлим Алий и къуэр хэхын.
2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2014 гъэм фокIадэм и 25-м*
*№11-П-П*

● Азау хуей

## Махуэ къэс йолэжь

**«Iуащхьэмахуэ курорт» ОАО-м щIымахуэ лъэхъэнэм зыхуегъэхьэзыр. ШыщхьэуIу мазэ лъандэрэ Iуащхьэмахуэ и бгы-лыжэ гъуэгур нэхъ бгъуэ ящI. Къыр къыгуэхуахэр, ятIэпс къехам къыздихьахэр трагъэкъэбзыкI.**

ЩIЫПIЭ бгъузэ зыбжанэм къищынэмыщIа, «Азау - Мир» бгы-лыжэ гъуэгум и къежэхыпIэхэр дунейпсо мардэм къотIасэ. Къапщтэмэ, «Кругозор» станцым «БжьамийкIэ» зэджэ и техьэпIэ Iыхьэм и бгъуагъыр нэхъапэм метриплIрэ ныкъуэрэ фIэкIа мыхъуу щытамэ, иджы метр плIыщIым нос. Абы папщIэ техникэ хэхакIэ къырыр яущыкъуеящ, иужькIэ гъуэгур щIы щабэкIэ зэтес ящIащ.

Лэжьыгъэшхуэ иджыпсту ирагъэкIуэкI. Ар яухмэ, къэгъэшыпIэхэмрэ гъуэгубгъумрэ декIуэкI щIыпIэ Iузэхэр куэдкIэ нэхъ бгъуэ хъунущ. Бгы-лыжэ гъуэгухэр махуэ къэс ирагъэфIакIуэ, абы пыщIа лэжьыгъэ псори щIымахуэ лъэхъэнэм и пэ къихуэу зэфIагъэкIыну я мурадщ.

***«Iуащхьэмахуэ курорт» ОАО-м и пресс-IуэхущIапIэ.***



● Банк Iуэхухэр

## Дыгъэгъазэм и 31 пщIондэ

**Урысейм и ХъумапIэ банкым еджапIэхэм я лэжьакIуэхэм папщIэ «ПсэупIэ хьэзыр» ипотекэ кредит проектыщIэр дызэрыт фокIадэм и 26-м щегъэжьауэ къыхелъхьэ. А махуэм къыщыщIэдзауэ дыгъэгъазэм и 31 пщIондэ тхылъхэр (заявкэхэр) Iахынущ.**

АКЦЭР мыпхуэдэ щIыкIэм тещIыхьащ: ипотекэм хыхьэхункIэ, щхьэщытыкIыпхъэр зы процент пункткIэ хуагъэмащIэ. Зрагъэтха нэужь, ди ахъшэмкIэ илъэсым процент 12,5-м щегъэжьауэ нэхъыбэ зытехьэ щIыхуэ къэзыщтэ псоми абы хуэзэм и процент пункт 0,50-р щхьэщах. ПэщIэдзэ взнос нэхъ мащIэ дыдэр процент 15-м къыщыщIэдзауэ процент и 10-м нэскIэ ирагъэхащ. Кредитыр нэхъыбэ дыдэу зэратыр илъэс 14-кIэщ.

ЩIыхуэ къызэращтэм цIыхухэм пщIэ лей щIатыркъым.

- Ипотекэ кредитымкIэ яхуэдгъэлъагъуэ IэмалыщIэр ди банкым и Iуэхутхьэбзэхэр нэхъыбэу къэзыгъэсэбэп егъэджакIуэхэм щытыкIэфI къахузэгъэпэщыным теухуащ, - къигъэлъэгъуащ Урысейм и ХъумапIэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Урысбий Хьэмидбий.

**БАГЪЭТЫР** Анзор.

● Пхъэидзэ

## Саугъэтхэр къыфпоплъэ

Федеральнэ пощт связымкIэ управленэм 2014 гъэм фокIадэм и 25-м къыщыщIэдзауэ жэпуэгъуэм и 4 пщIондэ ирегъэкIуэкI «**Газетхэм Iэ тевдзи, саугъэтхэр къэхьыным теухуа пхъэидзэм фыхэт!**» рекламэ Iуэхур.

2015 гъэм япэ илъэс ныкъуэм мазихкIэ е мазэ 12-кIэ сом 400 нэхърэ мынэхъ мащIэкIэ Iэ тезыдзахэр хэт хъунущ саугъэтхэр къэхьыным теухуа пхъэидзэм.

**Пхъэидзэр щекIуэкIынур 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 24-рщ.**

Iэ щытебдзэ хъунущ пощт связым и IуэхущIапIэ дэтхэнэми.

КъыкъуэкIа Iэмалыр блэвмыгъэкI, фигу ирихь газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ тевдзэ

***Федеральнэ пощт связым КъБР-м щиIэ управленэ.***

## Мы махуэхэм

**ФокIадэм и 27, *щэбэт***

♦**Туризмэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэм ядэлажьэхэм я махуэщ**
♦1825 гъэм Инджылызым япэ гъущI гъуэгу щатащ.
♦1942 гъэм ВКП(б)-м и обкомым унафэ къищтащ республикэм зыхъумэжыныгъэмкIэ гупхэр къыщызэгъэпэщын хуейуэ.
♦1944 гъэм Эстониер фашистхэм къыIэщIагъэкIыжащ.
♦1960 гъэм Останкинэ телечэщанэр ухуэн щIадзащ.
♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, литературовед, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэщхъуэжь Раисэ** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.
♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къущхьэбий Анзор** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.
♦Адыгэ фащэ дыным хуэIэкIуэлъакIуэ, химие щIэныгъэхэм я кандидат **ХьэцIыкIу Мадинэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 16, жэщым градус 11 - 13 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 28, *тхьэмахуэ***

♦**Делэ узым ебэныным и дунейпсо махуэщ**
♦**Зи тхьэкIумэхэм зэхамыххэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Адыгэ фащэм и махуэщ**
♦**Машинэухуэм и махуэщ**
♦**Атом промышленностым и лэжьакIуэм и махуэщ**
♦**Чехием къэралыгъуэ щигъуэта махуэщ**
♦1773 гъэм Пугачёв Емельян зи пашэ мэкъумэшыщIэ зауэм щIидзащ.
♦Урысейм и Правительствэм и унафэщIу щыта **Черкасский Алексей** (адыгэщ) къызэралъхурэ илъэс 334-рэ ирокъу.
♦ Конструктор-модельер, Адыгэ Республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **СтIащ Юрэ** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.
♦КъБР-ми КъШР-ми щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Дагъыстэнми Ингушми гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Кавказ Ищхъэрэм и Артийскэ комитетым и унафэщI, ЩIДАА-м и академик **Бетыгъуэн Iэуес** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 15, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 29, *блыщхьэ***

♦**Гум и дунейпсо махуэщ**
♦1916 гъэм «Стандарт» компаниер къызэзыгъэпэща Рокфеллер Джон дунейм япэу мелардырыбжэ щыхъуащ.
♦Адыгэ тхакIуэ, дзэ къулыкъущIэу щыта **Къаз-Джэрий СулътIан** къызэралъхурэ илъэс 207-рэ ирокъу.
♦Совет Союзым и ЛIыхъужь **Хьэбэчыр Умар** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу. Кхъухьлъатэзехуэ, генерал-лейтенант, Сирием и лIыхъужь **Абазэ Мамдухь** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.
♦Къэбэрдей къэрал драмэ тетатрым и актер **Быдэ Хьэсэн** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 11 – 13, жэщым градуси 8 – 10 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**УщымытIыс ущыгушыIэркъым.**

### Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым (хабзэм теухуа хъыбарыщIэхэр зэрылъ и интернетыр-порталыр (www.pravo.gov.ru) и Регламентым мы къыкIэлъыкIуэну зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

1) 7-нэ статьям «, япэ къуэдзэри хыхьэу» псалъэхэр хэгъэкIын;

2) 8-нэ статьям:

а) 1-нэ Iыхьэм «, абыхэм ящыщу япэ къуэдзэри» псалъэхэр хэгъэкIын;

б) 2-нэ Iыхьэм «япэ къуэдзэр, » псалъэхэр хэгъэкIын;

3) 10-нэ статьям:

а) 5-нэ Iыхьэм и 1-нэ пунктым «япэ къуэдзэр» псалъэхэр хэгъэкIын;

б) 6-нэ Iыхьэм «япэ къуэдзэр, » псалъэхэр хэгъэкIын;

4) 10-1 статьям къару имыIэжу къэлъытэн;

5) 12-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм и етIуанэ абзацым «, Парламентым и УнафэщIым и япэ къуэдзэм» псалъэхэр хэгъэкIын;

6) 13-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм «Парламентым и УнафэщIым и япэ къуэдзэр,» псалъэхэр хэгъэкIын;

7) 14-нэ статьям:

а) 2-нэ Iыхьэм «, япэ къуэдзэри хыхьэу» псалъэхэр хэгъэкIын;

б) 2-1 Iыхьэм «япэ» псалъэр хэгъэкIын;

8) 15-нэ статьям и 3-нэ пунктым «Парламентым и УнафэщIым и япэ къуэдзэм,» псалъэхэр хэгъэкIын;

9) 29-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм «япэ» псалъэр хэгъэкIын;

10) 33-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм «е абы и япэ къуэдзэм» псалъэхэр «абы и къалэнхэр зыгъэзащIэм» псалъэхэмкIэ щызэхъуэкIын;

11) 43-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм «абы и япэ къуэдзэм,» псалъэхэр хэгъэкIын;

12) 47-нэ статьям:

а) 3-нэ Iыхьэм «Парламентым и УнафэщIым и япэ къуэдзэм» псалъэхэр «абы и къалэнхэр зыгъэзащIэм» псалъэхэмкIэ щызэхъуэкIын;

б) 5-нэ Iыхьэм «Парламентым и УнафэщIым и япэ къуэдзэу» псалъэхэр «абы и къалэнхэр зыгъэзащIэм» псалъэхэмкIэ щызэхъуэкIын;

13) 50-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм «япэ къуэдзэр,» псалъэхэр хэгъэкIын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIым и япэ къуэдзэ къулыкъур щымыIэж зыщI республикэ законым къару щигъуэт махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**
*Налшык къалэ*
*2014 гъэм фокIадэм и 25-м*
*№11-П-П*

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэр къызэгъэпэщыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2014 гъэм фокIадэм и 18-м къыдигъэкIа Унафэ №8-П-П-м зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэр къызэгъэпэщыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым (хабзэм теухуа хъыбарыщIэхэр зэрылъ и интернетыр-порталыр (www.pravo.gov.ru) 2014 гъэм фокIадэм и 18-м къыдигъэкIа Унафэ №8-П-П-м и 1-нэ пунктым и ебланэ абзацыр мыпхуэдэу къэхьын:

«Промышленностымкlэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ комитет».

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**
*Налшык къалэ*
*2014 гъэм фокIадэм и 25-м*
*№13-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ и комитетым хэтхэм я IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 17-нэ статьям ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ и комитетым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат мы къыкIэлъыкIуэхэр хэгъэхьэн:

Бердюжэ Владимир Иван и къуэр
Бирюк Александр Сергей и къуэр
Боттаев Хьэдис Баттал и къуэр
Гемуев Калет Исуф и къуэр
Дзэмыхь Къасболэт ФIыцIэ и къуэр
ЗекIуэрей Алим Мухьэмэд и къуэр
Карныш Сергей Александр и къуэр
Маккаев Махъты Хьэсэн и къуэр
ТекIушэ Артур Александр и къуэр.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**
*Налшык къалэ*
*2014 гъэм фокIадэм и 25-м*
*№14-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ и комитетым и унафэщIхэр хэхыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 17-нэ статьям ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ и комитетым и унафэщIу хэхын:

Бердюжэ Владимир Иван и къуэр
Боттаев Хьэдис Баттал и къуэр
ЗекIуэрей Алим Мухьэмэд и къуэр.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**
*Налшык къалэ*
*2014 гъэм фокIадэм и 25-м*
*№15-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЗаконодательствэмкIэ, къэрал ухуэкIэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и комитетым хэтхэм я IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЗаконодательствэмкIэ, къэрал ухуэкIэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и комитетым хэгъэхьэн:

АфэщIыж Юрий Сэфарбий и къуэр
Берд Хьэзрэталий Александр и къуэр
Дзэмыхь Къасболэт ФIыцIэ и къуэр
ЗекIуэрей Алим Мухьэмэд и къуэр
Мэлбахъуэ Борис Хьэмидбий и къуэр
Мэремыкъуэ Арсен Iэмин и къуэр
Марьяш Нинэ Сергей и пхъур
МахуэлI Азэмэт Хьэзрэталий и къуэр
Къумал Заурбэч Мухьэмэд и къуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЗаконодательствэмкIэ, къэрал ухуэкIэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и комитетым и унафэщIу хэхын Берд Хьэзрэталий Александр и къуэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЗаконодательствэмкIэ, къэрал ухуэкIэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу хэхын Мэлбахъуэ Борис Хьэмидбий и къуэр.

4. Мэлбахъуэ Борис Хьэмидбий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и президиумым зэрыхэтыр, ЗаконодательствэмкIэ, къэрал ухуэкIэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ къулыкъум зэпымыууэ зэрыпэрытынур къэщтэн.

5. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**
*Налшык къалэ*
*2014 гъэм фокIадэм и 25-м*
*№16-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законым тетынымрэ хабзэр хъумэнымкIэ и комитетым хэтхэм я IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законым тетынымрэ хабзэр хъумэнымкIэ и комитетым хэгъэхьэн:

Къанэмэт Замир Хьэчим и къуэр
Кебеков Владимир Сэфарбий и къуэр
Кривко Михаил Николай и къуэр
Марьяш Нинэ Сергей и пхъур
Мовсисян Грант Олег и къуэр
Попов Виктор Сергей и къуэр
Хъущт Аслъэнбэч Виталий и къуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законым тетынымрэ хабзэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщIу хэхын Мовсисян Грант Олег и къуэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законым тетынымрэ хабзэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу хэхын Кривко Михаил Николай и къуэр.

4. Кривко Михаил Николай и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и президиумым зэрыхэтыр, Законым тетынымрэ хабзэр хъумэнымкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ къулыкъум зэпымыууэ зэрыпэрытынур къэщтэн.

5. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**
*Налшык къалэ*
*2014 гъэм фокIадэм и 25-м*
*№17-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЭкономикэмкIэ, инвестицэхэмрэ хьэрычэт IуэхумкIэ и комитетым хэтхэм ятеухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЭкономикэмкIэ, инвестицэхэмрэ хьэрычэт IуэхумкIэ и комитетым хэгъэхьэн:

Абазэ Артур СулътIан и къуэр
Iэпщэ Заур Борис и къуэр
Вындыжь Чэрим Хьэмидбий и къуэр
Войтов Алексей Иван и къуэр
Гемуев Калет Исуф и къуэр
Къудали Мухьэмэд Хьэмзэт и къуэр
Къумал Заурбэч Мухьэмэд и къуэр
Наводничий Георгий Виталий и къуэр
Хочуев Рэмэзан Ибрэхьим и къуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЭкономикэмкIэ, инвестицэхэмрэ хьэрычэт IуэхумкIэ и комитетым и унафэщIу хэхын Iэпщэ Заур Борис и къуэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЭкономикэмкIэ, инвестицэхэмрэ хьэрычэт IуэхумкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу хэхын Войтов Алексей Иван и къуэр.

4. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**
*Налшык къалэ*
*2014 гъэм фокIадэм и 25-м*
*№18-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ и комитетым хэтхэм я IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ и комитетым хэгъэхьэн:

Азычэ Азэмэт Хьэднан и къуэр
АфэщIыж Юрий Сэфарбий и къуэр
АфэщIагъуэ Михаил Хьэлым и къуэр
Къудали Мухьэмэд Хьэмзэт и къуэр
Настаев АлисултIан Магомед и къуэр
Тараев Игорь Владимир и къуэр
Ульбашев Мухьэрбий Магомед и къуэр
Чеченов Ануар Ахъмэт и къуэр
Шаваев Ильяс Пагуэ и къуэр
Щэныбэ Хьэжысмел Рашид и къуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ и комитетым и унафэщIу хэхын АфэщIагъуэ Михаил Хьэлым и къуэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу хэхын Ульбашев Мухьэрбий Магомед и къуэр.

4. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**
*Налшык къалэ*
*2014 гъэм фокIадэм и 25-м*
*№19-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и комитетым хэтхэм я IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и комитетым хэгъэхьэн:

Азычэ Светланэ Хьэднан и пхъур
Дадэ МуIэед Алий и къуэр
Къарэмырзэ Барэсбий Сулимэн и къуэр
Карныш Сергей Александр и къуэр
Киреевэ Надеждэ Валерий и пхъур
Коротких Ольгэ Алексей и пхъур
Нэгъуей Риммэ Артагъ и пхъур
Нэзрэн Беслъэн Мухьэмэд и къуэр
Рахаев Анатолий Измаил и къуэр
Саенкэ Татьянэ Виктор и пхъур
Тау Ритэ Руслан и пхъур.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIу хэхын Азычэ Светланэ Хьэднан и пхъур.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу хэхын Коротких Ольгэ Алексей и пхъур.

4. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**
*Налшык къалэ*
*2014 гъэм фокIадэм и 25-м*
*№20-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым хэтхэм я IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым хэгъэхьэн:

Абазэ Артур СулътIан и къуэр
Бирюк Александр Сергей и къуэр
Гриневич Валерий Владислав и къуэр
Залиханов Эльдар Михаил и къуэр
Костин Андрей Анатолий и къуэр
МахуэлI Азэмэт Хьэзрэталий и къуэр
Настаев АлисултIан Магомед и къуэр
Попов Виктор Сергей и къуэр
Сумаев Ахъмэт Хьэрун и къуэр
Хочуев Рэмэзан Ибрэхьим и къуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и унафэщIу хэхын Гриневич Валерий Владислав и къуэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу хэхын МахуэлI Азэмэт Хьэзрэталий и къуэр.

4. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**
*Налшык къалэ*
*2014 гъэм фокIадэм и 25-м*
*№21-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым хэтхэм я IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым хэгъэхьэн:

Байдаев Далхат Магомед и къуэр
Бечеловэ Людмилэ Музэфар и пхъур
Войтов Алексей Иван и къуэр
Къардэн Мурат Наусбий и къуэр
Маккаев Махъты Хьэсэн и къуэр
Сумаев Ахъмэт Хьэрун и къуэр
Шевченкэ Александр Василий и къуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым и унафэщIу хэхын Къардэн Мурат Наусбий и къуэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу хэхын Маккаев Махъты Хьэсэн и къуэр.

4. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**
*Налшык къалэ*
*2014 гъэм фокIадэм и 25-м*
*№22-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым хэтхэм я IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым хэгъэхьэн:

Бгъэжьнокъуэ Зурият Мухьэмэд и пхъур
Боттаев Хьэдис Баттал и къуэр
Къанэмэт Замир Хьэчим и къуэр
Канунниковэ Татьянэ Георгий и пхъур
Коротких Ольгэ Алексей и пхъур
Нэгъуей Риммэ Артагъ и пхъур
Нэзрэн Беслъэн Мухьэмэд и къуэр
Тхьэгъэлэдж Тимур Лалушэ и къуэр
Хасаитовэ Лизэ Лэкъумэн и пхъур.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщIу хэхын Бгъэжьнокъуэ Зурият Мухьэмэд и пхъур.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Социальнэ политикэмкIэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу хэхын Канунниковэ Татьянэ Георгий и пхъур.

4. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**
*Налшык къалэ*
*2014 гъэм фокIадэм и 25-м*
*№23-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ политикэмкIэ, экологиемкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымрэ щIы IуэхухэмкIэ и комитетым хэтхэм ятеухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ политикэмкIэ, экологиемкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымрэ щIы IуэхухэмкIэ и комитетым хэгъэхьэн:

Азычэ Азэмэт Хьэднад и къуэр
Бердюжэ Владимир Иван и къуэр
Вындыжь Чэрим Хьэмидбий и къуэр
Дадэ МуIэед Алий и къуэр
Мэремыкъуэ Арсен Iэмин и къуэр
Мокаев Кемал Абука и къуэр
Щхьэгъэпсо Сэфарбий Хьэсэнбий и къуэр
Сэкрэк Владимир Хъусен и къуэр
Хъущт Аслъэнбэч Виталий и къуэр
Шаваев Ильяс Пагуэ и къуэр
Ячный Игорь Владимир и къуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ политикэмкIэ, экологиемкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымрэ щIы IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщIу хэхын Мокаев Кемал Абука и къуэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ политикэмкIэ, экологиемкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымрэ щIы IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу хэхын Щхьэгъэпсо Сэфарбий Хьэсэнбий и къуэр.

4. Щхьэгъэпсо Сэфарбий Хьэсэнбий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и президиумым зэрыхэтыр, Аграрнэ политикэмкIэ, экологиемкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымрэ щIы IуэхухэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ къулыкъум зэпымыууэ зэрыпэрытынур къэщтэн.

5. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**
*Налшык къалэ*
*2014 гъэм фокIадэм и 25-м*
*№24-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм зегъэужьынымрэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и комитетым хэтхэм я IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм зегъэужьынымрэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и комитетым хэгъэхьэн:

Бечеловэ Людмилэ Музэфар и пхъур
Кебеков Владимир Сэфарбий и къуэр
Наводничий Георгий Виталий и къуэр
Пащты Борис СулътIан и къуэр
Рахаев Анатолий Измаил и къуэр
Тау Ритэ Руслан и пхъур
ТекIушэ Артур Александр и къуэр
Хасаитовэ Лизэ Лэкъумэн и пхъур.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм зегъэужьынымрэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и комитетым и унафэщIу хэхын Пащты Борис СулътIан и къуэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм зегъэужьынымрэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу хэхын Наводничий Георгий Виталий и къуэр.

4. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**
*Налшык къалэ*
*2014 гъэм фокIадэм и 25-м*
*№25-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и комитетым хэтхэм я IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и комитетым хэгъэхьэн:

Гугу Владимир Рашад и къуэр
Залиханов Эльдар Михаил и къуэр
Костин Андрей Анатолий и къуэр
Сэкрэк Владимир Хъусен и къуэр
Тараев Игорь Владимир и къуэр
ЛIеужь Адэлбий Билол и къуэр
Тхьэгъэлэдж Тимур Лалушэ и къуэр
Шондыр Олег Лиуан и къуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу хэхын ЛIеужь Адэлбий Билол и къуэр.

3. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**
*Налшык къалэ*
*2014 гъэм фокIадэм и 25-м*
*№26-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым РегламентымкIэ, депутат щэнхабзэмрэ Парламентым и лэжьыгъэр зэгъэуIунымкIэ и комитетым хэтхэм я IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым РегламентымкIэ, депутат щэнхабзэмрэ Парламентым и лэжьыгъэр зэгъэуIунымкIэ и комитетым хэгъэхьэн:

Байдаев Далхат Магомед и къуэр
Чеченов Ануар Ахъмэт и къуэр
Шондыр Олег Лиуан и къуэр
Щэныбэ Хьэжысмел Рашид и къуэр
Шевченкэ Александр Василий и къуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым РегламентымкIэ, депутат щэнхабзэмрэ Парламентым и лэжьыгъэр зэгъэуIунымкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу хэхын Щэныбэ Хьэжысмел Рашид и къуэр.

3. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**
*Налшык къалэ*
*2014 гъэм фокIадэм и 25-м*
*№27-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандат хуит къэхъуар «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Жанатаев Сэлим Алий и къуэм етыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

***2014 гъэм фокIадэм и 24-м*** ***Налшык къалэ*** ***№100/1-5***

«Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм къыхилъхьа спискэм хэту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутату хаха Пэнагуэ Максим Азэмэтджэрий и къуэм и депутат къалэнхэр и пIалъэр къэмысу зэрыщхьэщахым къыхэкIыу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и IуэхукIэ» 2008 гъэм шыщхьэуIум и 5-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и 5-нэ Iыхьэм тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандат хуит къэхъуар етын «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам щатха Жанатаев Сэлим Алий къуэм (№54).

2. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щиIэ сайтым илъхьэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ДЖЭШ Вячеслав**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь**
**АТМУРЗАЕВЭ Иринэ**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутат Жанатаев Сэлим Алий и къуэр тхыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

***2014 гъэм фокIадэм и 24-м*** ***Налшык къалэ*** ***№100/2-5***

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутатым и мандат хуит къэхъуар «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кандидатхэм я спискэу къыхилъхьам хэту депутатхэм я кандидату ятха Жанатаев Сэлим Алий и къуэм етыным и IуэхукIэ» 2014 гъэм фокIадэм и 24-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм къыдигъэкIа унафэ №100/1-5-м ипкъ иткIэ икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым и IуэхукIэ» 2008 гъэм шыщхьэуIум и 5-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №56-РЗ-м и 68-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутат Жанатаев Сэлим Алий и къуэр тхын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еплIанэ хэхыгъуэм и депутату ятхам зэрыхахамкIэ удостоверенэр етын.

3. Мы унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щиIэ сайтым илъхьэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI ДЖЭШ Вячеслав**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь**
**АТМУРЗАЕВЭ Иринэ**




● Дэ къытхуатх

# Дэсщ ди къуажэм цIыху псэ къабзэхэр

**Къуажэ ущыхъукIэ, уиIэнущ нэщхъеягъуэри гуфIэгъуэри. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэщи, а тIур зэпэжыжьэкъым.**

ДЗЭЛЫКЪУЭДЭС нэщхъеягъуэ къыщыщыхъуам деж ди ефэндыхэр гузэвэгъуэр зейм ар даIыгъыу махуищми я пщIантIэм дэтщ. ЦIыху псори зэхуэдэу псэукъым. Хэти нэхъ къулейсызщ, хэти нэхъ хуэщIащ. Ахэр зэхуагъадэу, я Iуэху мытыншыр дагъэкIыу щIалэ хъарзынэхэр мэлажьэ.

ЩIыпIэ администрацэм и унафэщI Дзасэжь Хъалиф къуажэдэсхэм лъэIукIэ зыхуагъэзат нэщхъеягъуэм деж къагъэсэбэп IэмэпсымэхэР къэщэхунымкIэ закъыщIигъэкъуэнуи, абыхэм я лъэIур зэфIигъэкIащ. Гузэвэгъуэ зиIэ унагъуэм дагъэувэну, зэпкърыпх-зэпкърыплъхьэ хъууэ щIэувапIэхэри (цIыху 200 зэуэ щIохуэ) къахуищэхуащ.

КъищынэмыщIауэ, ди къуажэм дэсщ мызэ-мытIэу ахъшэкIэ зыкъытщIэзыгъакъуэ Тэтрокъуэ Резуан. Абыи тыгъэ къахуищIащ зи гугъу тщIа щIэувапIэхэм хуэдэ. Дзасэжь Хъалиф и къуэ Замир и пщIэнтIэпси къуажэм хэлъыну хуейти, сом мин 20 къытхуиутIыпщащ.

Зи гугъу тщIа щIэувапIэм хуэдэу иджы щы диIэщ. Абыхэм ирахьэлIа гъущIхэр пщIэншэу яхуигъэващ Къалэ Мусэ и къуэ Хьэчим. Мис апхуэдэ щIалэхэм дрогушхуэ, дахуэарэзыщи, гузэвэгъуэ ямылъагъуу Тхьэм куэдрэ игъэпсэу.

АдэкIэ къыхэзгъэщыну сыхуейт ди къуажэ нысащIэхэр. Абыхэм я гуащIэ халъхьащ ди мэжджытыр зэгъэпэщыжыным. Езыхэм я мылъкукIэ Тхьэм и унэм и щIыбри и кIуэцIри зэрахьащ, ягъэкъэбзащ. ФIыгъуэр Тхьэм къабгъэдилъхьэ. Абыхэм я цIэхэр къисIуэну си гуапэт: Абазэ Ленэ, Дзасэжь Раметэ, Кумыщ Венерэ, Къардэнхэ ФатIимэрэ Маргаритэрэ, Кувэжыкъуэхэ Iэсиятрэ Мадинэрэ, Мусэ Софият, Мырзэкъан Рузаннэ, Лу Майе, Ныр Ромэ, Мерхэ Иринэрэ Заретэрэ, Щоджэн Мадинэ сымэ. Зи цIэ къитIуа дэтхэнэ зыми хъуэхъукIэ захудогъазэ нэхъыжьхэу Дзэмыхь Лолэ, ЛыкIэпшы Башир, Тембот Хьэзрэталий, Мусэ Хьэсэн, Ныр Нурхьэлий сымэ.

**ДЗЭМЫХЬ Лолэ.**
*Дзэлыкъуэдэс.*

● Фарз

# Къалэн лъапIэр ягъэзэщIэну

## УФ-м щыщ цIыху 16400-рэ хьэжыщI кIуащ

**Ди республикэм щыщ цIыху 400-м нэблагъэ хьэжыщI кIуащ. Ахэр гупитIу ежьащ.**

УРЫСЕЙ Федерацэм икIауэ мы гъэм цIыху 16400-рэ хьэжыщI кIуащ. Псом нэхърэ нэхъыбэ зыгъэкIуар Дагъыстэнырщ - цIыху мини 6. Абы къыкIэлъокIуэ Шэшэныр - мини 2,6-рэ, Ингушыр - мин 1,4-рэ.

Хьэжы щIыныр Алыхьым къытхулъэува фарзитхум ящыщ зыщ. Ди гъащIэ псом къриубыдэу зэ тщIын хуейуэ ар ди къалэнщ, къызыхэтхын мылъку диIэмэ. А мылъкур Iэмал имыIэу хьэлэлын хуейщ.

● УпщIэ - жэуап

# Джумхьэ нэмэзым фIыгъуэу пылъыр

**Мэремым ящI «джумхьэ» нэмэзыр адрейхэм сыткIэ къащхьэщыкIрэ?**

Джумхьэ (мэрем) нэмэзыр нэмэзхэм я нэхъ фIыгъуэ зыпылъщ. Ар ищIыну тохуэ:
- акъылкIэ узыншэм,
- балигъ хъуам.

Зи ныбжь нэмыса сабийм, цIыхубзым, гъуэгуанэ тетым е щхьэусыгъуэ пыухыкIа гуэр зиIэм къалэн щищIыркъым джумхьэ нэмэзыр, ауэ Iэмал иIэххэмэ, ищIмэ нэхъыфIщ.

● Къурмэн лъапIэ

# Iиманыр Тхьэм зэригъэунэхуам и фэеплъ

**Муслъымэн псоми ди махуэ лъапIэ къурмэныр мы гъэм жэпуэгъуэм и 4-м тохуэ. НэщIикIыж хьидымрэ абырэ махуэ 70 я зэхуакущ. Алыхьым фIыуэ илъэгъуа Ибрэхьим бегъымбарым и Iиманыр Тхьэм зэригъэунэхуам и фэеплъщ къурмэныр.**

АЛЫХЬЫМ и нэфIыр зыщыхуа, бегъымбарыгъэр зыбгъэдилъхьа цIыхухэм ящыщщ Ибрэхьим. А лIыкIуэ лъапIэр псэуху Алыхьым и закъуэныгъэм щIэбэну, тхьэнэпцIхэр зэтрикъутэу, Алыхьым нэмыщI тхьэ зэрыщымыIэр цIыхухэм ягуригъаIуэу щытащ. Абы бгъэдэлъ фIэщхъуныгъэм Тхьэр щыгъуазэ пэтми, лIыкIуэм и Iиманыр Алыхьым игъэунэхуат, нэгъуэщI цIыхум и фэм дэмыхуэн гугъуехькIэ.

ЛIыкIуэм мелыIыч ДжэбрэIилыр пщIыхьэпIэу къыхуэкIуэри, къыжриIащ и къуэр Тхьэм къурмэн хуищIын хуейуэ (а сабийр абы щигъуэтар и ныбжьыр фIыуэ хэкIуэтауэт, икIи абы хуабжьу хуэнэхъуеиншэт). А пщIыхьэпIэм Ибрэхьим гуитIщхьитI ищIат икIи ар абы и фIэщ ищIыну хуейтэкъым. АрщхьэкIэ а пщIыхьэпIэ дыдэм къытригъэзэжурэ жэщищкIэ зэкIэлъыпыту щилъагъум, лIыкIуэм къыгурыIуат пщIыхьэпIэр Алыхьым и деж къызэрикIар, ар шейтIаным зэримыIэдакъэщIэкIыр.

Къыхуигъэлъэгъуар гущIыхьэ щыхъуами, лIыкIуэм мурад ищIащ Алыхьым и Iэмырыр игъэзэщIэну. Апхуэдэу щыхъум, Ибрэхьим и сабийр зришалIэри, жриIащ: «Исмэхьил (абы щыгъуэм сабийм и ныбжьыр илъэс 12-м иту арат), ДыкъэзыгъэщIам Iэмыр сщищIащ Тхьэм къурмэн ухуэсщIыну». Ар щызэхихым сабийм жиIащ: «Си адэ, Алыхьым и унафэм уемыбакъуэ, Тхьэм жиIэмэ шыIэныгъэ схэлъынщ».

Зи гур гуауэм ирикъутыхьа лIыкIуэм и сабийр фIигъэжыну Минэ (иджыпсту Мэккэр здэщыт) щIыпIэм ишащ. Абы щыгъуэми, шейтIаным и къалэнрати, лIыкIуэр Тхьэм жыIэщIэ зэрыхуэмыхъун Iэмалхэр зэрихьэу щIидзащ. Ар лIыжь сэфэтым ихьэщ, лIыкIуэм и щхьэгъусэм деж кIуэри жриIащ: «Уэ пщIэрэ Ибрэхьим уи сабийр здишэр?» «Дэнэ?» жиIэу щыщIэупщIэм, жэуап зэхихащ: «Ар и адэм и IэкIэ фIигъэжыжыну ишащ». «Сыт мы жыпIэ делагъэр, хэт ищIами, апхуэдэ Ибрэхьим хуэщIэнукъым. Ар Алыхьым хуэжыIэщIэщ, и сабиймкIи нэхъуеиншэщ». ШейтIаным къыпищащ: «Ибрэхьим жиIащ ар Алыхь Iэмыру». «Алыхьым Iэмыр тщищIмэ, бынри ДыкъэзыгъэщIам къурмэн хуэтщIынущ, IукI мыбдежым!» - жиIэри мывэкIэ кIэлъыуэурэ фызым шейтIаныр Iуихужащ.

АдэкIэ шейтIаным и гъуэгуанэм пищащ. Ар лIыжь сэфэтым иту лIыкIуэм бгъэдыхьэри, жриIащ: «Уа Ибрэхьим, апхуэдизу фIыуэ плъагъу уи къуэр Тхьэм папщIэ жыпIэу дауэ уи IэкIэ зэрыбукIыжынур? А уи пщIыхьэпIэр шейтIаным уигъэлъэгъуауэ аращ». Ар щызэхихым лIыкIуэм пидзыжащ: «Шэч хэлъкъым уэ езыр узэрышейтIаным, IукI мыбдеж», - жиIэури мывэкIэ кIэлъыуащ. Ари къыщыхуэмыгъапцIэм, Iиблисыр сабийм бгъэдыхьэри жриIащ (абы щыгъуэми лIыжь сэфэтым итт): «Уа Исмэхьил, уэ пщIэрэ уи адэм и IэкIэ узэрыфIигъэжынур?» «Сыт щхьэкIэ?», - щIэупщIащ сабийр. «Уи адэм жеIэ Алыхьым папщIэу», - енэкIэуащ Iиблисыр.

«Алыхьым и унафэр гъэзэщIэн хуейщ, уэ IукI мыбдеж», - жиIэри Исмэхьил шейтIаным мывэкIэ еуэурэ Iуихужащ.

ФIы дыдэу зэщIэлъыкIа сэшхуэр лIыкIуэм и сабийм и пщэм щыдилъэм, ар Алыхь Iэмырти, сэм и къалэныр игъэзэщIакъым (дзагуэ хъуащ). ЕтIуанэми сэр къедэIуакъым.

ЛIыкIуэр игъэгузэващ Алыхьым и Iэмырыр гъэзэщIа зэрымыхъум. Сэр нэхъри нэхъ жану илъауэ сабийм и пщэм щыхуихьым Алыхьым и унафэкIэ мелыIыч ДжэбрэIилыр Ибрэхьим къыхуэкIуащ, жэнэтым къриха щынэ иIыгъыу. И сабийм и пIэкIэ а щынэр Тхьэм къурмэн хуищIыну Алыхьым Iэмыр зэрищIар абы къыжриIащ.

ДыкъэзыгъэщIар лыми лъыми зэрыхуэмыныкъуэр, Ибрэхьим и Iиманыр Тхьэм игъэунэхуа къудейуэ зэрыщытри лIыкIуэм къригъэщIащ. Мис абдежым Ибрэхьим бегъымбарыр Тхьэм нэхъри пэгъунэгъу хуэхъуащ. Мис аращ къурмэныр муслъымэнхэм щIэдукIым и щхьэусыгъуэр.

Къурмэн зыукIыну къызытехуэр муслъымэну, акъылкIэ узыншэу, иукIыну Iэщыр къызэрищэхун мылъку бгъэдэлъу щытын хуейщ. Ар фарзкъым, ауэ гъэзэщIэн хуей суннэтщ (уеблэмэ, Iэмал зимыIэщ). Абы теухуауэ Iэят куэд КъурIэным къыщыкIуащ, хьэдисхэми ущрохьэлIэ. Алыхьым и псалъэу КъурIэным итщ: «Дэ къурмэныр фэркIэ хъеру къэдгъэщIащ. И лыр фшхы, тхьэмыщкIэхэми яхуэвгуэш. ЗыгурывгъаIуэ, ахэр (къурмэну дукI псэущхьэхэращ зи гугъу ищIыр) фэ фхуэжыIэщIэу къэдгъэщIащ. Алыхьым фIыщIэ хуэфщI».

Мухьэммэд бегъымбарым жиIауэ хьэдисым къыщокIуэ: «ФIым я нэхъыфIщ къурмэн укIыныр. Шэч хэлъкъым а фэ фукIар Тхьэм фызэрыхуэпэжам и щыхьэту Къемэт махуэм къызэрыувынум. ИкIи абы къыщIэж лъыр щIым нэмыс щIыкIэ къыпэкIуэ псапэр Алыхьым зэрыфхуитхым».

Къурмэну яукI мэл, бжэн, Iэщ пIащэ, махъшэ. Мэлымрэ бжэнымрэ зы цIыхум, Iэщыр цIыхуиблым зэгъусэу яукI. Iэщыр щытын хуейщ узыншэу, мыгъур Iейуэ, и бжьакъуэхэр тэмэму, и кIапэр, тхьэкIумэхэр тету, ауэ абыхэм ящыщу зымащIэ тIэкIу щыщIэми ягъэ кIынукъым, дзэ зытIущ къэткIи зыри къэхъунукъым. Псэущхьэр щаукIыну щIыпIэм и лъакъуэкIэ кIуэфу щытын хуейщ. Армыхъуамэ ныкъуэдыкъуэу ебжьри, апхуэдэр къурмэну къищтэркъым.

Къурмэныр Iыхьищу гуэшын хуейщ. Япэ Iыхьэр - гъунэгъухэмрэ Iыхьлыхэмрэ, етIуанэр - тхьэмыщкIэхэмрэ факъырэхэмрэ хуагуэш. Адрейр унагъуэм къранэ. Мис а мардэхэм тетущ лыр гуэшын зэрыхуейр.

Къурмэныр букIыну щынэхъыфIыр япэ махуэрщ, ауэ адрей махуитIми хъунущ. Ар хьид нэмэзым иужькIэ занщIэу укIын хуейщ. Ущыпсэу щIыпIэм хьид нэмэз щамыщIмэ, дыгъэр къызэрыкъуэкIыу абы иужь уихьэн хуейщ. А махуэм къурмэнылым щыщ япэу пшхымэ нэхъ псапэщ. Къурмэныр уэ езым букIыжын хуейщ. Ауэ щхьэусыгъуэ пыухыкIа гуэр уиIэрэ пхузэфIэмыкIынумэ, нэгъуэщIым ебгъэукIми хъунущ.

Къурмэн букIам и фэр пщэну ислъам диным игъэкъабылкъым. Ар пхъуэж, пты е унагъуэм къэбгъэсэбэпмэ нэхъыфIщ. Хуэныкъуэм ептми нэхъ псапэжщ.

А махуэ лъапIэм Iэмал зэриIэкIэ уиIэм я нэхъыфIыр щыптIэгъэн хуейщ. Сабийхэри балигъхэри зэрыхъукIэ бгъэгуфIэмэ, Iыхьлы, ныбжьэгъу, гъунэгъухэм уакIэлъыкIуэмэ псапэшхуэ пылъщ.



● Мэжджыт цIэрыIуэхэр

# Касабланкэ егъэщIэращIэ

**Касабланкэ къалэм (Мароккэ) дэт мэжджытышхуэм и инагъкIэ дуней псом етIуанэ увыпIэр щиIыгъщ. Абы и азэн джапIэхэр адрей псоми лъагагъкIэ ящхьэщокI - метр 200-кIэ зеIэт.**

МЭЖДЖЫТЫМ и кIыхьагъыр метр и 183-рэ мэхъу, и бгъуагъыр метр 55-м ноблагъэ.

Тхьэм и унэр илъэс 13-кIэ яухуащ икIи махуэ къэс цIыху мин 35-рэ елэжьащ. А мэжджытым и лъэгум утету толъкъуныр болъагъу, ар абджыпсу зэрыщытым къыхэкIкIэ. Уэздыгъэу фIэлъым и хьэлъагъыр тонн 50 мэхъу. Тхьэм а и унэм мыдрисэ, библиотекэ хэтщ.

Франджым щыщ архитектор нэхъ лъэщ дыдэу ябж Пинсо Мишель ирагъэщIа «Хьэсэн» мэжджытышхуэм Касабланкэ къалэр егъэщIэращIэ.

● Фи лъэIукIэ

# Жэпуэгъуэм и нэмэз щIыгъуэхэр

| Махуэхэр | Пщэдджыжьыр | Дыгъэр къыщыщIэкIыр | Шэджагъуэр | Ичындыр | Ахъшэмыр | Жасыр |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1, бэрэжьей | 05.32 | 06.02 | 13.06 | 16.23 | 18.48 | 20.28 |
| 2, махуэку | 05.33 | 06.03 | 13.05 | 16.21 | 18.46 | 20.26 |
| 3, мэрем | 05.35 | 06.05 | 13.05 | 16.20 | 18.44 | 20.24 |
| 4, щэбэт | 05.36 | 06.06 | 13.05 | 16.19 | 18.42 | 20.22 |
| 5, тхьэмахуэ | 05.37 | 06.07 | 13.05 | 16.18 | 18.40 | 20.20 |
| 6, блыщхьэ | 05.38 | 06.08 | 13.04 | 16.16 | 18.39 | 20.19 |
| 7, гъубж | 05.39 | 06.09 | 13.04 | 16.15 | 18.37 | 20.17 |
| 8, бэрэжьей | 05.40 | 06.10 | 13.04 | 16.14 | 18.35 | 20.15 |
| 9, махуэку | 05.42 | 06.12 | 13.03 | 16.12 | 18.33 | 20.13 |
| 10, мэрем | 05.43 | 06.13 | 13.03 | 16.11 | 18.32 | 20.12 |
| 11, щэбэт | 05.44 | 06.14 | 13.03 | 16.10 | 18.30 | 20.10 |
| 12, тхьэмахуэ | 05.45 | 06.15 | 13.03 | 16.08 | 18.28 | 20.08 |
| 13, блыщхьэ | 05.46 | 06.16 | 13.02 | 16.07 | 18.26 | 20.06 |
| 14, гъубж | 05.48 | 06.18 | 13.02 | 16.06 | 18.25 | 20.05 |
| 15, бэрэжьей | 05.49 | 06.19 | 13.02 | 16.04 | 18.23 | 20.03 |
| 16, махуэку | 05.50 | 06.20 | 13.02 | 16.03 | 18.21 | 20.01 |
| 17, мэрем | 05.51 | 06.21 | 13.01 | 16.02 | 18.20 | 20.00 |
| 18, щэбэт | 05.53 | 06.23 | 13.01 | 16.01 | 18.18 | 19.58 |
| 19, тхьэмахуэ | 05.54 | 06.24 | 13.01 | 15.59 | 18.17 | 19.57 |
| 20, блыщхьэ | 05.55 | 06.25 | 13.01 | 15.58 | 18.15 | 19.55 |
| 21, гъубж | 05.56 | 06.26 | 13.01 | 15.57 | 18.13 | 19.53 |
| 22, бэрэжьей | 05.58 | 06.28 | 13.01 | 15.56 | 18.12 | 19.52 |
| 23, махуэку | 05.59 | 06.29 | 13.01 | 15.54 | 18.10 | 19.50 |
| 24, мэрем | 06.00 | 06.30 | 13.00 | 15.53 | 18.09 | 19.49 |
| 25, щэбэт | 06.01 | 06.31 | 13.00 | 15.52 | 18.07 | 19.47 |
| 26, тхьэмахуэ | 05.03 | 05.33 | 13.00 | 14.51 | 17.06 | 18.46 |
| 27, блыщхьэ | 05.04 | 05.34 | 12.00 | 14.50 | 17.04 | 18.44 |
| 28, гъубж | 05.05 | 05.35 | 12.00 | 14.48 | 17.03 | 18.43 |
| 29, бэрэжьей | 05.06 | 05.36 | 12.00 | 14.47 | 17.01 | 18.41 |
| 30, махуэку | 05.08 | 05.38 | 12.00 | 14.46 | 17.00 | 18.40 |
| 31, мэрем | 05.09 | 06.39 | 12.00 | 14.46 | 16.59 | 18.39 |

*Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм къыдитащ.*

● Iуэху щхьэпэ

# Хьэлэлу жыхуаIэ псори хьэлэл?

**Тэтэрстаным и къалащхьэ Къэзан щыпсэу муслъымэн щIалэгъуалэм «Хьэлэл» зытетха шхапIэхэм, ресторанхэм щIыхьэурэ я Iуэху зытетым щыгъуазэ защIынущ.**

И ЦIЭМ хуэфащэу шхыныгъуэхэр ягъэхьэзырырэ ямыгъэхьэзыррэ абыхэм зрагъэщIэнущ. Хьэлэлымрэ хьэрэмымрэ теухуа упщIэ зыбжани шхапIэхэм щылажьэхэм иратынущ.

● Псапэ

# И мылъкум къыхэкIыу

**Дуней псом топджэгумкIэ и чемпион иджыблагъэ хъуа Германием и командэ къыхэхам и гъуащхьауэ Озил Месут и мылъкум къыхэкIа ахъшэкIэ сабий 23-м операцэ лъапIэхэр яхуригъэщIащ.**

ОЗИЛ лъэпкъкIэ тыркущ, муслъымэнщ. Чемпион хъун ипэкIэ ар сабий 11-м ядэIэпыкъуащ, иджыри а Iуэху щхьэпэм пещэ.

«Сабий нэхъыбэм сэбэп сазэрыхуэхъуным яужь ситщ», - жеIэ Месут.

ПlIанэпэр зыгъэхьэзырар ЖЫЛОКЪУЭ Люсаннэщ.

● Нобэ ГъэсакIуэм и махуэщ

# Ди къэкIуэнур зэлъытахэр

**ГъэсакIуэмрэ школ кIуэгъуэ ныбжьым нэмысахэм ядэлажьэхэмрэ я махуэр ди къэралым гъэлъэпIэн зэрыщыщIадзэрэ мы гъэм илъэси 10 ирокъу. Жылагъуэ зыужьыныгъэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а IэнатIэм и щытыкIэм гу лъозыгъатэ махуэшхуэр фокIадэм и 27-м щIытехуэм и щхьэусыгъуэр тхыдэм къыхощыж. ЕгъэджакIуэ Симонович Аделаидэ 1863 гъэм и апхуэдэ махуэм Петербург япэ дыдэу къыщызэIуихауэ щытащ илъэси 3-8 ныбжьым итхэм папщIэ гъэсапIэ. ЦIыкIухэм зэращыкIэлъыплъым, зэрыщагъэджэгум къыдэкIуэу, абыхэм ирагъащIэрт тхэкIэрэ бжэкIэрэ, дыкъэзыухъуреихь дунейм теухуа пэщIэдзэ щIэныгъэ иратырт.**

2007 ГЪЭМ лажьэу щIидзащ УФ-м и Президентым къыхилъхьауэ щыта «Анэ мылъку» программэм. Сабий нэхъыбэ къалъхуным цIыхухэр тезыгъэгушхуэжа а программэм и IэужьыфIхэр нэрылъагъу хъуащ илъэс зытIущ дэкIа нэужь. Сабий садхэр зэпэубыда хъуащ, абыхэм кIуэну гукъыдэж зиIэ псоми апхуэдэ Iэмал ямыIэу. Мы зэманым а Iуэхур йофIакIуэ. Абы хуэгъэпсащ «УФ-м и егъэджэныгъэм теухуауэ» къэрал Хабзэр. Абы ипкъ иткIэ сабий псоми Iэмал ягъуэтын хуейщ гъэсапIэхэм кIуэну, абыхэм пэщIэдзэ щIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыщратын папщIэ.

Къэралым хыхьэ субъектхэм федеральнэ бюджетым къыхэкIыу мылъку хуаутIыпщ, сабий садыщIэхэр яухуэн, щыIэхэр зыхуей хуагъэзэжын папщIэ. Къапщтэмэ, 2014-2015 гъэ еджэгъуэщIэм екIуу хузэрагъэпэщыжащ ди республикэм щылажьэ сабий садхэр. Апхуэдэу Прохладнэ, Аруан, Дзэлыкъуэ куейхэм илъэсым и кIэм нэмысу къыщызэIуахынущ гъэсапIэщIэхэри. Ахэр хуабжьу сэбэпышхуэщ сабий садхэм я Iуэхутхьэбзэхэм хуэныкъуэ унагъуэхэм я дежкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым щолажьэ зи школ кIуэгъуэ нэмысахэм егъэджэныгъэ программэ хэхам тету ядэлажьэ гъэсапIэ 211-рэ. Абыхэм щолажьэ гъэсакIуэ минитIрэ ныкъуэм щIигъу. ГъэсакIуэхэмрэ школ кIуэгъуэ ныбжьым нэмысахэм ядэлажьэхэмрэ я улахуэм хэгъэхъуэным хуэунэтIауэ КъБР-м и унафэщIхэм лэжьыгъэшхуэ зэфIах.

ГъэсакIуэу улэжьэн папщIэ псэ хьэлэлу, жэуаплыныгъэшхуэ зыхэпщIэу, шыIэныгъэ ин пхэлъу уи IэнатIэм упэрытын хуейщ. УмыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым сабийхэм яхэлъ зэчий зэмылIэужьыгъуэхэр наIуэ къащIын папщIэ, щалъхуа щIыналъэр фIыуэ ялъагъуу къагъэтэджын щхьэкIэ, ди гъэсакIуэхэм яхэлъ зэфIэкIхэм я лъагагъэр. Ахэр жыджэру хэтщ илъэс зыбжанэ хъуауэ екIуэкI «ГъэсакIуэ нэхъыфI» къэралпсо зэпеуэм, ехъулIэныгъэфIхэри къахь. Республикэм и гъэсакIуэ нэхъыфIхэр нобэ щагъэлъапIэ Налшык дэт прогимназие №34-м (унафэщIыр Иуан Галинэщ). Махуэшхуэм ирихьэлIэу абы къыщызэрагъэпэщащ гъэсакIуэхэм я ехъулIэныгъэхэр къызыхэщ гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэти.

Ягъасэ щIэблэм лъэныкъуэ куэдкIэ щапхъэ яхуэхъу, зи щIэныгъэри зэфIэкIри щIэблэр гъэсэным тезыухуа а цIыху псэ къабзэхэм я IэщIагъэм епха махуэшхуэмкIэ дохъуэхъу. Фызыпэрыт IэнатIэм гукъыдэж къывиту, сабийхэм яхувиIэ лъагъуныгъэмрэ фхэлъ шыIэныгъэмрэ мыкIуэщIу, жылагъуэм пщIэрэ гулъытэрэ щывиIэу куэдрэ Тхьэм фигъэпсэу.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

● Футбол

# «Мэшыкъуэм» къерегъэкIуэт

**«Мэшыкъуэ КМВ» (Псыхуабэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) – 2:0 (1:0). Псыхуабэ. «Центральный» стадион. ФокIадэм и 25-м. ЦIыху 800 еплъащ.**

**Судьяхэр**: Соколов (Воронеж), Богданов (Волгоград), Дорошенкэ (Краснодар).

«**Мэшыкъуэ КМВ**»: Марикодэ, Карибов (Алиев, 46), Тебэрды, Демидов, ДзыхьмыщI, Шанин (Ибрагимов, 41), Бай (Айвазянц, 90), Шрейдер, Багъэтыр (Садиров, 67), Киракосян, Мулляр.

«**Спартак-Налшык**»: Городовой, Васильев, Гузь, КIыщ, Мэкъуауэ (Михайлов, 87), ДыщэкI (Атай, 71), Ахриев (Къуэн А., 79), Къуэн З. (Каркаев, 63), Гъурф, Бажэ (Балэ, 66), Гугуев.

**Топхэр дагъэкIащ**: Багъэтырым, 4 (1:0). Алиевым, 79 (2:0).

**Дагъуэ хуащIащ** Багъэтырым, Ахриевым, Тебэрдым, Ибрагимовым.

«СПАРТАК-НАЛШЫКЫМРЭ» «Мэшыкъуэ КМВ»-рэ Урысей Федерацэм футболымкIэ щекIуэкI зэхьэзэхуэхэм зэрыщызэдэмыджэгурэ илъэс зыбжанэ хъуащ. А лъэхъэнэм къриубыдэу ди щIалэхэр премьер-лигэми япэ дивизионми хэтащ, псыхуабэдэсхэм я плъапIэ нэхъыщхьэр етIуанэ дивизионым и курыт увыпIэхэрат. Иджы ахэр зы гупым къыхэхутащ.

Я зэфIэкIыр зэрынэхъ лъагэр я напщIэм щIэлъу «Спартак-Налшыкым» и футболистхэр зэгуэрым Къэбэрдейм и щыхьэру щыта Псыхуабэ кIуащ. Абыхэм, дауи, къалъытагъэнущ очкоищыр я Iэрылъхьэу. АрщхьэкIэ ди щIыпIэм щыщ щIалэ зыбжанэ щыджэгу «Мэшыкъуэ-КМВ»-р а Iуэхум зэреплъыр нэгъуэщIут. Абы хэтхэр зыщымысхьыжу текIуэныгъэм щIэбэнынут. Ар псоми наIуэ щащIащ зэпэщIэтыныгъэм и япэ дакъикъэхэм щыщIэдзауэ.

Псыхуабэдэсхэм апхуэдизу лъэщу джэгур ирагъэжьати, ди гъуащхьэхъумэхэм я щхьэр здахьынур ямыщIэу къэнат. Абыхэм топыр дэнэкIи яхуми ядэрт, я гъуэм къыдэмыкI къудеймэ. Апхуэдэхэм ящыщ зым хэгъэрейхэм угловой къалэжьащ. Ар къыхата иужькIэ Багъэтыр Альберт хэгъэрейхэр япэ иригъэщащ.

Iуэхур ягъэтэмэмыжыну ди щIалэхэм зэманыр я куэдт. АрщхьэкIэ «Мэшыкъуэ-КМВ»-м апхуэдэ Iэмал къаритакъым. Хэгъэрейхэм къахэжаныкIырт ди лъахэгъу адыгэ щIалэхэу ДзыхьмыщI Марат, Багъэтыр Альберт, Бай Хьэсэн, Тебэрды Тимур сымэ. Абыхэм «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхъумэхэм псэхугъуэ иратыртэкъым.

Ди щIалэхэм зы очко нэхъ мыхъуми къэрагъэлынымкIэ гугъэхэр хахыжащ джэгум и 79-нэ дакъикъэм. Алиев Руслан жыжьэу щыту къызэуа топым Городовой Алексей пэлъэщакъым. Арати, бжыгъэр 2:0 хъуащ. ЗэIущIэр иухыхукIэ абы зихъуэжакъым.

Псыхуабэ къызэрыщыхагъэщIам и зэранкIэ «Спартак-Налшыкыр» зэпеуэм щыпашэхэм очкоих-блыкIэ къакIэрыху хъуащ. Ар зы увыпIэкIэ къекIуэтэхащ, къыкIэлъыкIуэ зэIущIэм хьэрхуэрэгъу къыщыхуэхъуну МИТОС-р зыщхьэщигъэкIри.

ЕтIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым хэт адрей командэхэри махуэку блэкIам зэдэджэгуащ. Мис абыхэм я зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэр: «**Астрахань**» (Астрахань) - «**Анжи-2**» (Мэхъэчкъалэ) - **3:0**, **МИТОС** (Новочеркасск) - «**Алания**» (Владикавказ) - **1:1**, «**Динамо-ГТС**» (Ставрополь) - «**Тэрч-2**» (Грознэ) - **2:0**, «**Таганрог**» (Таганрог) - «**Ангушт**» (Нэзрэн) - **2:0**.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

*Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» зонэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр. 2 гуп*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. «Динамо-ГТС» | 8 | 5 | 3 | 0 | 12-4 | 18 |
| 2. «Таганрог» | 7 | 5 | 2 | 0 | 10-3 | 17 |
| 3. МИТОС | 7 | 3 | 3 | 1 | 9-3 | 12 |
| 4. «Спартак-Налшык» | 7 | 3 | 2 | 2 | 12-8 | 11 |
| 5. «Ангушт» | 8 | 3 | 2 | 3 | 8-9 | 11 |
| 6. «Ротор» | 7 | 2 | 3 | 2 | 9-9 | 9 |
| 7. «Алания» | 7 | 2 | 2 | 3 | 8-11 | 8 |
| 8. «Мэшыкъуэ-КМВ» | 7 | 2 | 2 | 3 | 7-10 | 8 |
| 9. «Тэрч-2» | 7 | 1 | 3 | 3 | 2-5 | 6 |
| 10. «Анжи-2» | 8 | 1 | 2 | 5 | 5-13 | 5 |
| 11. «Астрахань» | 7 | 1 | 0 | 6 | 6-13 | 3 |




● Псалъэ пэжхэр

# Къамэ зыгъэдалъэ нэхърэ - акъыл зыбгъэдэлъ

♦Былымаблэр блэ уэным хуэдэщ, зыпэщIэвмыгъахуэ бэлэрыгъауэ.
♦Лъагъуныгъэри жыгъэри икъукIэ гъэпщкIугъуейщ.
♦Делэ ныкъуэр фадэ ефэмэ, делэ псо мэхъу.
♦БынкIэ гуныкъуэгъуэ зымыIэм фIыгъуэ псори Тхьэм къыбгъэдилъхьащ.
♦Зэныбжьэгъухэр нэхъыбэхукIэ гъащIэр нэхъ IэфI мэхъу.
♦Ер вы бжьакъуэм къикIыу жаIэ щхьэкIэ, ар къызэрыкIыр цIыху псалъэрщ.
♦ЦIыкIухэр ин хъухукIэ, инхэр цIыкIу мэхъуж.
♦Сэ сыщыфIым деж си хъуреягъыр псори фIыщ, сыщыIейм и дежи псори Iей зэтохъуэ.
♦Делэм и бэлыхьыр губзыгъэм егъэв.
♦ГъащIэм и IэфIагъым хуэдизи и дыджагъщ.
♦ХэкIыпIэ щумыгъуэтыжым деж узэрыхыхьамкIэ укъыхэкIыж хъунущ.
♦Ахъшэ и куэд щхьэкIэ бохъшэ къыхуэщэхуртэкъым.
♦Мывэ хъурейр уи япэкIэ бгъэжэн хуей хъумэ, нэхъ цIыкIуу къыхэх - ущIегъуэжынкъым.
♦Къамэ зыгъэдалъэ нэхърэ - акъыл зыбгъэдэлъ.
♦Щхьэ зимыIэ цIыху щыIэкъым, акъылыр зыхуримыкъу гъунэжщ.
♦Мыхъуапсэу псэу щыIэкъым.
♦Дахэ зиIэм нэхъ дахэж къелъыхъуэ.
♦Фо зиIэр нэгъуэщI IэфI мэлъыхъуэ.
♦ЗэгурыIуэ здэщымыIэм сыт хуэдэ Iуэхури щыхьэлъэщ.
♦ПситI зэхэлъэдар зэхэзыхыжыфын щыIэкъым.
♦Псым и гъуэгур зыунэтIыр псыпэрщ.
♦Пщыхэри яхуэмыхъуу лъагъуныгъэм егъэубзэ.
♦НапитI зиIэр гъащIитI иIэнуи мэгугъэ.
♦Шы узытесым и хьэлыр умыщIэу уелъэдэкъауэкIэ жыжьэ уихьынукъым.

КIУРАШЫН Алий.



Сеин-Болэт Астрэхъан пщыгъуэм и тетым и къуэщ, Къэбэрдей пщы уэлий Идар Темрыкъуэ и пхъурылъхущ. 1575 - 1576 гъэхэм абы мазэ бжыгъэкIэ игъэзэщIащ Урысей пащтыхьым и къалэнхэр. Мы махуэхэм Сеин-Болэт (Симеон Бекбулатович) къызэралъхурэ илъэс 450-рэ ирокъу.

● ФокIадэм и 28-р Адыгэ фащэм и махуэщ

# Лъэпкъым и теплъэ

***Сыт хуэдэ лъэпкъми и щэн, и хабзэ зыгъэдахэ хьэпшыпхэр, дамыгъэхэр иIэжщ. Дэ ди лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэхэм ящыщщ адыгэ фащэр. Ар зыщыптIэгъамэ - абы и пщIэм хуэфащэн зыIыгъыкIэ уиIэн хуейщ. Абыхэми, нэгъуэщI хьэлэмэт куэдми дыхегъэгъуазэ модельер Сэралъп Мадинэ.***

- ФАЩЭР лъэпкъым и «теплъэр» къэзыгъэлъагъуэ пкъыгъуэ дахэщ. Пасэрейм фащэр зэраду щытам сурэтхэмкIэ ущеплъыжкIэ, абыхэм яйм елъытауэ, дэ нобэ аргъуейм «довэ», жыхуиIэм хуэдэщ тхузэфIэкIыр. ЖысIэну сызыхуейращи, ди нэхъыжьхэм ящIамрэ дэ иджыпсту длэжьымрэ зэхуэдэкъым, зэбгъапщэххэ хъунукъым. Абыхэм фащэр я гъащIэт, я гупсысэт. Дэ фащэм етт мыхьэнэр нэхъыбэу ар ди «дунейгъэдахэу» зэрытлъытэр арагъэнщ.

**- Мадинэ, уэ ебгъэд лъэпкъ фащэхэр пасэрей жыпхъэм тIэкIу къытекIауэ, иджырей зэманым нэхъ екIуу щытщ. Ар щхьэ апхуэдэу хъуа?**

- «Стилизованнэ» фащэхэри бдыну тыншкъым, сыту жыпIэмэ иджыпсту мыхьэнэ куэд «декорым» ират - бостейр гъэдэхэным, гъэщIэрэщIэным. Ауэ, язынықъуэ модельерхэм ирагъэлей, цIыхубз фащэм цIуугъэнэ куэдыщэ кIэралъхьэ. Абы бостейм нэхъ пудыфэ къытрегъэуэ. Ди лъэпкъыр сыт щыгъуи и хьэлкIэ зэпIэзэрыту, «щыкIа» псалъэм и мыхьэнэм пэIэщIэу, и цIыху хыхьэкIэм (фащэм) щIыхь дэплъагъуу къэгъуэгурыкIуащ. ЩэкI къуэлэнхэр, зи гугъу сщIы цIуугъэнэхэр лейт, сэри а гупсысэрщ нэхъ сызытетыр. «Пасэрей жыпхъэм дыкъытекIауэ» жыхуэпIэм теухуауэ сэ жысIэфынур зыщ: зэманыр кIуэхукIэ, цIыхуми и гупсысэм зехъуэж, нэгъуэщI Iуэху еплъыкIэхэр иIэ мэхъу. Сэ згъэпудыркъым ди блэкIар, атIэ апхуэдэ щIыкIэкIэ ар утыку нэхъ къызэридгъэхьэжыфынырщ си гупсысэр зытеухуар.

**- ЩIалэгъуалэм «иджырей» фащэр сыт хуэдэу къащыхъуу уеплърэ?**

- Абы иджыпсту нэхъ дехьэх ахэр, пасэрейм нэхърэ. Псалъэм папщIэ, хьэгъуэлIыгъуэ, гуфIэгъуэ щхьэкIэ фащэ къыщащтэм деж, ныбжьыщIэхэр зэплъыр зи теплъэр нэхъ гъэщIэрэщIахэрщ, мы зэманым къедгъэзэгъахэрщ. Иджыпсту ахэр доплъей европей, светскэ зыхуэпэкIэм. Сэ ар Iейщ е фIыщ жысIэфынукъым. ЦIыхум щхьэж фIэфIырщ къиштэр. Зы нэкIэ псори мы дунейм деплъу щытамэ, псори зэщхь дыхъунт. ЖысIэм къикIыркъым щIалэгъуалэм ди пасэрей хабзэхэм, хъугъуэфIыгъуэхэм пщIэ хуамыщIу, къагурымыIуэу е ахэр ящыгъупщэжын хуейуэ. Ди блэкIам фIыуэ хэзыщIыкI щIэблэ хъарзынэ дызэриIэри солъагъу.

**- IэщIагъэ ббгъэдэлъым сыт лъабжьэ хуэхъуар?**

- Сурэтыжьхэр, си анэшхуэм сызыщIигъэдэIуахэр. Нобэ согупсысыжри, сыту си насыпт абы и сурэт гъэтIылъыгъэхэр ди унагъуэм хъума зэрыщыхъуар, дыкъызэралъхурэ абыхэм деплъу дыкъызэрытэджар. Пасэрей псэукIэ, Iуэху зехьэкIэ, лъэпкъ фащэхэр - ахэрат абыхэм къыщыгъэлъэгъуар. Ди анэшхуэм гъащIэ кIыхь зэриIар бынхэм ди насыпышхуэт! МащIэт абы дызыщигъэгъуазэу щытар?!

Ауэрэ гъащIэм зызэрехъуэкI, цIыхухэм я гупсысэкIэми, я теплъэми, зэрыжысIауэ, захъуэж. Япэм «гугъу ехьу къэхъуащ» жаIамэ, цIыхум и гуащIэ зэрыи-



Сэралъп Мадинэ

ныр, лэжьакIуэ ахъырзэману зэрыщытар къыхрагъэщу арат, иджы абы «тхьэмыщкIагъэм» и мыхьэнэщ бгъэдалъхьэр. Теплъэми хуэдэу, псалъэми мыхьэнэ зэрепт къыщIэкIынщ. Пасэрей фащэр сэ сфIэдахэщ, абы ди цIыхубэм я гугъуехь хэлъщ. Зэрыдэ Iэмэпсымэхэр щыщымыIэм ди нэхъыжьхэм къагупсысыфат апхуэдиз дахагъэ мы зэманым дунейпсом къызыдалъагъу ди фащэр. ДыщэпскIэ хэдыкIа фащэм дыжьын бгырыпхыр щIыгъужу - ар телъыджэтэкъэ къэбгупсысыну! Абыхэм кIэ имыIэу сыдахьэхащ.

**- Махуэ къэс зэрахьэу щытауэ щыжытIэкIэ-щэ...**

- Сыт хуэдизу абы дыхуэмеями, си фIэщ хъуркъым апхуэдэу щытауэ. Сыт щхьэкIэ тщIэн, дэ ар тлъэгъуакъым. ЦIыхубзыр псом япэу унэгуащэт - пщэфIэныр, тхьэщIэныр, унэр зэлъыIухыныр, лъхуэнпIэныр и япэ къалэнт. Иджыпсту хуэдэуи абы щыгъуэми зэхэхат, дауи, цIыхум зэрахыхьэнумрэ Iуэхухэр щызэфIигъэкI махуэхэм тыншу абы щыгъынумрэ. Уи нэгу къыщIэгъэхьэт унагъуэ къалэн мымащIэ зи пщэ дэлъ бзылъхугъэм фащэ щыгъыу Iуэху ищIэу... ПцIы хэлъкъым ди тхыдэм, ди лъэпкъым и къекIуэкIыкIам теухуауэ куэд зэрытIэщIэхуам. Ди IуэхущIапIэм зыплъыхьакIуэ къашэ сабийхэр яфIэгъэщIэгъуэну щIоупщIэ печатнэ машинкэжьым хуэдэр зищIысым, ар къызэрагъэсэбэпу щытам. Уегупсысмэ, а хьэпшыпым и ныбжьыр куэд хъуакъым. АрщхьэкIэ ящIэжыркъым. АтIэ революцэм и пэ ита зэманым ди адэжьхэр зэрыпсэуар IупщIу тщIэжын?! Зыми и жагъуэ сщIыну сыхуейкъым, ауэ тхыдэджхэм я нэхъыбапIэр къагупсысыжу, «мис апхуэдэу щытагъэнт» жаIэурэ ар я фIэщ хъужу аращ зэрыщытыр.

Фащэм и «пкъым» уеплъмэ, пасэм ар къызыхащIыкIыу щыта щэкIхэр бэлыхьтэкъым, куэд я уасэу щытауи жыпIэфынукъым. АтIэ, сыт я уасэр? Ар зэманым къызэрыкIуэцIрыкIарщ, иджы дэ ар ди щапхъэу зетхьэну Iэмал дызэриIэрщ. ЗэрытщIэщи, щэкI нэхъ дахэ Iэджэ ди зэманым зэIуащэ, я щIыкIэкIэ мыIейуэ фащэхэр къыщIыдогъэкI. Ауэ, ахэр IэкIэ дакъым, машинкэкIэ ящIащ. Я мыхьэнэр нэхъ мащIэщ.

**- Тхыпхъэхэм сыт «къыджаIэр»?**

- Абы и купщIэм утепсэлъыхьыфынущ куэдрэ. Сыт хуэдэ тхыпхъэм уеплъми, пасэрейхэрщ зи гугъу сщIыр, Iэмал имыIэу щIагъыбзэ яIэщ. Ар зэхэхауэ пхужыIэнукъым. Ауэ, япэ дыдэу сэ абыхэм щыслъагъур Тхьэшхуэр я фIэщ хъууэ зэрыщытарщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, тхыпхъэхэм лъэпкъым и гупсысэкIэр яхыболъагъуэ. Нобэ дэ тщIы фащэхэм тхыпхъэхэм щагъэзащIэ мыхьэнэр - абыхэмкIэ бостейр зэрыдгъэдахэрщ.

**- Адыгэ фащэм и махуэм зыхуэвгъэхьэзыра? ЛэжьыгъэщIэ фиIэ, Мадинэ?**

- Адыгэ фащэм и махуэм ирихьэлIэу, Мейкъуапэ къыщызэрагъэпэщ фестивалым дыхэтыну докIуэ. Дгъэхьэзыра фащэщIэхэр «КъуэкIыпIэм и музейм» тхьэмахуитIкIэ щыдгъэлъэгъуэнущ. Сыт хуэдэ ахэр жыпIэмэ, махуэ къэс зепхьэ хъуну, ищхьэкIэ зи гугъу тщIа «стилизованнэ» фащэхэрщ. Пэжыр пэжщи, Адыгэ фащэм и махуэр зэрыдгъэлъапIэри, щIэблэм ди лъэпкъ фIыгъуэр яфIэфIу къызэраштэжри гухэхъуэ къыдэзыт Iуэхугъуэщ.

*Епсэлъар* **БАГЪЭТЫР Луизэщ.**





Мадинэ и фащэхэм я теплъэр.

● Шхыныгъуэхэр

## ДзасэкIэ гъэжьа тхьэмщIыгъурэ жьэжьейрэ

Мэл яукIагъащIэм и тхьэмщIыгъумрэ жьэжьеймрэ г 45 - 50 хъу тыкъырурэ зэпаупщIри, сапэкIэ ирабзэ, яшыу, шыбжий тракIутэ. А ирабзам бжьыныху упщIэта бзыгъэ цIыкIу далъхьэ, Iыхьэхэр щэ тхъурымбэ зэпыупщIам кIуэцIашыхь, дзасэм фIаIури, шыбжиипс тракIэурэ дэп пщтыркIэ ягъажьэ тхъуэплъ дахэ хъуху. Дзасэм къыфIахыжри, Iэнэм зэрыпщтыру тралъхьэ. Бжьын цIыни бгъуралъхьэ. Дашх пIастэ, мырамысэ, чыржын, хьэлIамэ, мэжаджэ.

*Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):*
тхьэмщIыгъуу - грамм 300,
жьэжьейуэ - грамм 300,
бжьыныху укъэбзауэ - грамм 30,
щэ тхъурымбэу - грамм 200,
шыгъуу, шыбжийуэ, бжьын цIынэу, шыбжиипсу - узыхуейм хуэдиз.

## Къазмакърэ форэ

Къазмакъым икIри и пэри къыпач, кхъузанэм илъу ятхьэщI, псыр щIэжа нэужь кIэструлым е кхъуэщыным иракIутэ, фIыуэ зэхапIытIэ, фо хакIэри, псори фIыуэ зэIащIэж. Ар банкI гъущэм иралъхьэри, и щхьэр ягъэбыдэж, гъущапIэ-щIыIапIэм ягъэув. ЩIакхъуэм телъу яшх, шейм драф.

*Халъхьэхэр:*
къазмакъыу - грамм 1000,
фоуэ - грамм 1000,

КЪУБАТИЙ Борис.

● Хъуэхъу

***Тэрч къалэ щыпсэу Гувэжокъуэхэ я нысэ, Джатэгъэжьхэ япхъу Антонинэ и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирокъури, дохъуэхъу***



ЦIыху гъэсэным гъащIэ
псо токIуадэ,
ЕгъэджакIуэу гъащIэр
зыхь ди шыпхъур
Адэ-анэкIэ угумащIэщ,
Унэгуащэу убэлыхьщ,
Анэкъилъхухэм
уахуэгуапэщ.
ФIыуэ тлъагъу, пщIэ
зыхуэтщI Антонинэ!
Куэдрэ Тхьэм
утхуигъэпсэу.
Гуныкъуэгъуэншэу,
уузыншэу,
Уи бын мащIэм
уагъэгуфIэу,
Уи щхьэгъусэр къыпкъуэту
Мы дунейм Тхьэм гу
щыуигъахуэ!

***Уи анэкъилъхухэр,***

● ГушыIэхэр

## Зэ щIэздзат

ЯПЭУ къилэжьа мазэ улахуэр къыIихыну лIыр кассэм Iухьащ. Ахъшэр къызэрыIэрыхьамкIэ, Iэ зыщIидзын хуей тхылъымпIэр къыхутралъхьэри:

- Мыбдежым Iэ къыщIэдз, - къыжраIати:

- Уэлэхьи, Iэпэ щIэдзыным сыщошынэм. Зэ мис апхуэдэу «Iэпэ къыщIэдз» жаIэри щIызагъэдза хъуати, иджы зы фызрэ сабиищрэ сопI, - жиIэрт лIым, ЗАГС-р игу къэкIыжауэ.

## ЛъэIуитI

УНАГЪУЭМ къихьа нысэм хабзэм тету и псалъэ зэхихын щхьэкIэ и тхьэмадэм Iэщ иукIщ, и ныбжьэгъухэр къригъэблагъэри елъэIуащ:

- КхъыIэ, си нысэм и макъ зэхызигъэхыну фысхуелъэIу, - жиIэри.

Iуэхур тэмэму екIуэкIащ, нэху къекIри, жэмыр къэшын хуей хъуащ. Тхьэмадэр бэкхъым щIыхьащ, нысэм и жэм къэшыкIэм еплъыну. ИувыкIауэ здэщытым, нысэм зыкъыхуегъазэ:

- Куэдрэ укъызэплъу ущымыту, къакIуи мы жэмыр къэш!

Тхьэмадэм зыкъигъазэри бэкхъым къыщIэкIыжащ, куэд димыгъэкIыу иджыри зы Iэщ иукIри, а и ныбжьэгъу дыдэхэр кърригъэблэгъащ. Iуэхур зытеухуам хьэщIэхэр щыщIэупщIэм, тхьэмадэм жиIащ:

- КхъыIэ, си нысэм и макъ зэи зэхызимыгъэхыну зэ фысхуелъэIу иджы, - яжриIащ.

ГъащIэм куэд щызэзыгъэхъулIа лIым щIалэ гуэр къеупщIащ и зэфIэкIхэм лъабжьэ яхуэхъуамкIэ. Зыри зимыIа щIалэжь цIыкIум хьэрычэтыщIэ лъэщ дауэ къищIыкIа?

- Ныбжьэгъухэр тэмэму къыхэсхыфу зезгъэсати арац, - жиIащ лIым. - «Ныбжьэгъур щагъэунэхур гузэвэгъуэрщ», - жаIэу зэхэпха?...

- Пэжщ, сэри абы сызэрытетыным иужь ситщ,- жи щIалэм.

- Зыщыгъэгъупщэ а гупсысэр. Ущигъэуэнущ. Ныбжьэгъур щагъэунэхур гуфIэгъуэрщ! - жиIащ щIалэм и псэлъэгъум. - Псалъэм щхьэкIэ, зыгуэр щхьэкIэ уигу ныкъуэмэ, уожэри ныбжьэгъум жыбоIэ. Иджы гукъеуэ зиIэр уи закъуэкъым. ТIури гупсысэм фыхэхуащ, тIури фынэщхъейщ. Пэжкъэ?!

- Пэжщ. Си Iуэхур згъэзэкIуэжынымкIэ сызыщыгугъри ныбжьэгъурщ...

- Япэу узыIууэ гугъуехьыр къыбдигъэпсынщIэнкIи хъунщ, пэжщ... Ауэ адэкIэ къыпхуищIэфынуIакъым. УфIэпсэкIуэду Iуэхум кIэлъыплъын къудейщ.

- Си Iуэхум и зэхэзэрыхьыгъуэм къыздэщIыгъумэ, ари куэд и уасэкъэ! - жеIэ щIалэщIэм.

● ФщIэн папщIэ

## Ныбжьэгъур щагъэунэхур...

- Ар Iей дыдэщ. Ауэрэ уэри уигу зыщIэгъужу щIэбдзэнущи, уи Iуэху зэIумыбзыр зэхэбгъэкIыну гукъыдэж уиIэжынукъым. Абы и лъэныкъуэкIэ сэ сехъулIащ, - къыпищащ лIым, - си гъащIэм къыхэзгъэхьакъым зыфIэгуэныхь сыхъун, си Iуэху зэхэзэрыхьар си пIэкIэ схуэзыгъэзэкIуэжын ныбжьэгъу. Ауэ ахэр сыт щыгъуи щыгуфIыкIыфырт си ехъулIэныгъэхэм. Гурэ псэкIэ! НэгъуэщIым уигу щIэбгъэузыныр тынш дыдэщ. Ауэ езым ейм хуэдэу уи ехъулIэныгъэхэм щыгуфIыкIыфынур ныбжьэгъу пэжырщ!

ГЪУЭТ Зарэ.

● Интернетым дыкъыщоджэ

## Хахуагъэ лIэужьыгъуиш

БЛЭ зыгъасэм зыгуэр къыбгъэдыхьэри къеупщIат:

- Ухахуэ гуэр хъунщ уэ, армыхъумэ, блэм ущымышынэу дауэ пхуэIыгъ къэбгъэдаIуэу.

- Хахуагъэр лIэужьыгъуищу зэщхьэщокI, - жиIащ адрейм. - Япэр цIыхум къыщыщIынкIэ хъунум и шынагъуагъыр езым къыгурымыIуэжу зыщигъэлIым дежщ. ЕтIуанэр - зыпэрыувэр зэрышынагъуэр къыгурыIуэ пэтми, лIыгъэ зыхилъхьэрэ абы щытекIуэм дежщ. Хахуагъэм и ещанэ лIэужьыгъуэр къызыхэкIыр щIэныгъэрщ. Абы щыгъуэм деж Iуэхум апхуэдизкIэ фIыуэ хыбощIыкIри, уэ абы шынагъуэ пылъу къэплъытэжыркъым. Ауэ щыхъукIи, хэзымыщIыкIым хахуэу укъелъытэ.

● ХъыбарегъащIэ

## Инджылызыбзэр зэвгъащIэ!

Бжьыхьэ мазэхэм лэжьэнущ инджылызыбзэм щыхурагъаджэ школ. Абы щIэтIысхьэнухэр фокIадэм (сентябрым) и 22-м щегъэжьауэ ятх. Гупхэр илъэси 8 - 14, илъэс 15 - 18, илъэс 18 - 21-рэ хъухэм ятещIыхьауэ къызэрагъэпэщынущ.

ЕджапIэм къекIуалIэхэр бжьыхьэ мазэхэм къриубыдэу инджылызыбзэкIэ псэлъэфу, къеджэфу, тхэфу ирагъэсэнущ. Абыхэм ядэлэжьэнур илъэс 30-кIэ США-м егъэджакIуэу щыIащ.

ЕгъэджакIуэм урысыбзэ зэримыщIэм къыхэкIыу школым щIагъэтIысхьэну ятххэр адыгэбзэ зыщIэхэрщ.

Телефоныр: 8-967-417-78-85.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:* жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Багъэтыр Луизэ, корректорхэу ПхытIыкI Азэмэт *(1, 2-нэ)*, Мырзэкъан ФатIимэ *(3, 4-нэ)*. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.245 ● Заказ №1885